
ISSN 0207 - 6551
6
2015
Нур
6+

# Гуфӏэгъуэ нэпс



Майм и 9-р, Текӏуэнығъэм и махуэ льапӏэр, гуфӏэгъуэ инкӏэ гъэпсат. Россие къэралығъуэм и щӏыпӏэ псоми ещхьу, ди Республикэм и къалэхэм, къуажэхэм зэдэууэ щекӏуэкӏащ Хэкущхуэм и лӏыхъужьығъэм теухуа парадхэр. Ар фигу къагъэкӏыж мы напэкӏуэцӏым щыфлъагъу сурэтхэм: *1. Налшык – Лӏыхъужьығъэм и къалэщ. Фэеплъыщӏэ. 2. Тэрч къалэ. 3. Еджакӏуэхэр зауэлӏхэм ирогушхуэ. 4. Дохъушыкъуей щӏыналъэм. 5. Ветеранхэм фэеплъхэр ягъэлъапӏэ.*



















# ШЭРДЖЭС АНЭР ЯГЪЭЛЪАПIЭ




1942 гъэм августым и 13-м Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ Беслъэней къуажэм сабийхэр зэрыс гухэр къыщыувыIащ. Абыхэм Ленинград къраша сабий 32-рэ ист. Къуажэдэсхэм а хъыбарыр зэрызэхахыу, гухэр къаувыхьащ. А сабийхэр зэиншэхэт, мэжэщIалIэхэт, къаруунщэхэт. Абыхэм яхэтт урыси, журти, белоруси. Ахэр зрашэпIэну беслъэнейдэсхэр тегушхуащ. Къуажэ сельсоветым щIэлъ тхылъым сабийхэр занщIэу иратхащ я цIэхэр яхъуэжурэ. Къэралым ис адрей цIыхухэм хуэдэу беслъэнейдэсхэр гугъу ехьми ижь-ижьыж лъандэрэ лъэпкъым хэлъ хабзэм ебэкъуэфакъым. Апхуэдэу сабий зэиншэхэм шэрджэс цIыхубзхэр етIуанэ анэ яхуэхъуащ. Куэд дэмыкIыу фашистхэр къуажэм къыдыхьащ. МазихкIэ абыхэм къуажэр яIыгъати беслъэнейдэсхэм сабийхэр пкIэунэхэм, щIыунэхэм щагъэпщкIуащ.

А цIыкIухэм зы яхэмыщIу псори къэхъуащ. Зауэ нэужьым абыхэм щыщу плIым Ленинград ягъэзэжакъым…

ТекIуэныгъэр илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу Беслъэней къуажэм щагъэуващ шэрджэс анэм теухуа фэеплъыр.

***КЪУЭДЗОКЪУЭ Фатимэ***



# Шы къарэ лъакъуищ

*Адыгэ таурыхъ*

*Кlэухыр. Пэщlэдзэхэр 4-нэ, 5-нэ къыдэкlыгъуэхэм итщ.*

Лlыгъур къыхихынур езым ищlэжырт.

– Сэ шыфl дыди сыхуейкъым, мо шыщlэжь цlыкlур къызэт, – жиlэри нэхущым къалъхуа а шыщlэ цlыкlур пиубыдащ.

– Ар хъункъым, шыщlэ мылъхуэсыр дауэ уэстын, нэхъыфlыlуэ зыгуэр къыхэх, – нэжьгъущlыдзэм жиlэ щхьэкlэ, Лlыгъур имыдзэу, шыщlэ цlыкlур къыlихри къежьэжащ.

Зыкъом къикlуауэ, шыщlэ цlыкlур къэпсалъэри къыжриlащ:

– Сэ си анэм сэр нэмыщlу къилъхуауэ дунейм тетыр зыщ. А зыри къыщалъхуам и куэ лъэныкъуэр а уэ букlа дыгъужьыжьым щlичауэ лъакъуищщ. Итlани абы къыкlэщlыхьэ шы дунейм теткъым. Зыгуэркlэ абы дыхуэзэж хъумэ, сэ лъакъуиплl сиlэщи, сытеж хъунут, ауэ сэ нэхъри ди анэм ар нэхъыбэрэ щlэфащ, си жэрыгъэм абы хигъэщlынущ. Сыбгъэгъэзэжрэ, си анэм зэ сыщlэбгъэфыжатэмэ, ари игъащlэкlэ сэ къыслъэщlыхьэнутэкъым.

– Хъунщ-тlэ, кlуэжи щlэф, ауэ укъэмыгувэ, – жиlэри иутlыпщыжащ.

Шыщlэми игъэзэжри щlэфащ, щlэх дыдзуи къэсыжащ.

А шы лъэпкъыр шы хьэзырти, Лlыгъур шэсри къежьэжащ. Иныжьым и жеигъуэ махуэхэр ищlэрти, абы ирихьэлlэу Сэтэней дахэ деж кlуащ.

– Накlуэ, Сэтэней дахэ, иныжьыр къытлъэщlыхьэм си lуэхущ иджы, – жиlэри и шыплlэм къыдигъэтlысхьэри къежьэжащ.

Къарэ лъакъуищыр фlалъэкlэ еузурэ иныжьыр къигъэушащ:

– Щlэхыу, иныжь нэ закъуэ! Лlыгъур къэсри Сэтэней дахэр дихыжащ, – жиlащ Къарэ лъакъуищым.





– ЕӀ, Лӏыгъур мыгъуэ хъун, щхьэ сумыгъэзагъэрэ. Псибл пхэту щытми, зы псэ къыпхэзнэнкъым! – жиӀэщ, Къарэ лъакъуищым зридзри иныжьыр кӀэлъыщӀэпхъуащ.

Лӏыгъури, и шымкӀэ игурэ и щхьэрэ зэтельти, хуэм зищӀри иныжьыр зылъэщӀигъэхьэ хуэдэ ищӀащ. Ауэ лъэщӀыхьэпэн щылъэмыкӀым, иныжьыр Къарэ лъакъуищым еуэу щӀидзащ. Къарэ лъакъуищми Лӏыгъур и шыр зэрикъуэшыр къыщӀыхури къыкӀэлъыджащ:

– Зы анэм дыкъилъхуащ, хьэтыркӀэ сынолъэӀу, сызыкӀэщӀэгъэхьэ, абы фӀэкӀмэ, сеукӀыпэ мы иныжь абрагъуэм!

– Зы анэм дыкъилъхуамэ, щхьэ уделэ, зыгъэлъэпэрапи щхьэпрегъэдзи егъэукӀ а птес абрагъуэр! – жэуап иритыжащ Къарэ лъакъуищым.

Къарэ лъакъуищым зигъэлъэпэрапэри иныжьыр щхьэпригъэдзри иукӀащ. Лӏыгъур къигъэзэжри иныжьым и щхьэр пиупщӀащ. Къарэ лъакъуищыр Ӏэдэж ищӀщ, кӀуэри иныжьым и фитоныр къызэщӀищӀэщ, дыщэрэ фӀыгъуэу иныжьым иӀар къызэщӀикъуэри, фитоным кърилъхьэри къежьэжащ. КъэкӀуэжурэ, иныжьыр щиукӀам къыщысым, иныжьым и щхьэ къыпиупщӀари фитоным кърилъхьэри, къеуэри и шыпхъу нэхъыщӀэм деж къекӀуэлӀэжащ.

«Алыхь-Алыхь, Сэтэней дахэ къишэжри Лӏыгъур къэсыжащ! А нэхъ жагъуэгъу бзаджэ дыдэу диӀэ иныжьыр иукӀащ!» – жаӀэри гуфӀахэщ. ХьэгъуэлӀыгъуэшхуэ хуэзэӀуахащ. Иныжьым и щхьэри цӀыхум ялъагъун хуэдэу пкъо кӀыхь гуэрым фӀаӀури лъагапӀэм щыхатӀэжащ.

И шыпхъу нэхъыщӀэм деж хьэгъуэлӀыгъуэр щызэфӀэкӀри, нысашэ гъусэхэр дэщӀыгъуу и шыпхъу курытым деж къэкӀуахэщ. АбыкӀ жэщибл-махуиблкӀэ хьэгъуэлӀыгъуэр щекӀуэкӀащ. Абы иужькӀэ и шыпхъу нэхъыжьым деж къекӀуэлӀэжахэщ.

Нартхэм хьэгъуэлӀыгъуэу къыхуащӀынур псори зэфӀэкӀри, шу гъусэхэр иӀэу Лӏыгъур и хэкум къашэжащ.

И унэм щекӀуэлӀэжым, хэкум цӀыхуу исыр зэхуэсри, мазэм щӀигъукӀэ хьэгъуэлӀыгъуэр зэхэтащ. Ари зэфӀэкӀри Лӏыгъур Сэтэней дахэ и щхьэгъусэу, ширэ лӀыгъэкӀэ къытекӀуэн щымыӀэу цӀыхухэм къалъытэу, тхъэжу псэууэ къэнэжащ.

***НЭХУЩ Инал*** Бахъсэн щопсэу, и ныбжьыр илъэси 5-м нэса къудейщ, вуэ адыгэ фащэр апхуэдизкIэ фIэфIщи зыщихыну хуейкъым.

***ДЗУ Астемыр*** Налшык 49-нэ прогимназием и гъэсэнщ, адыгэ къафэм дехьэх, адыгэ уэрэдхэр дахэу жеIэ, «Нур» журналым фIэфIу йоджэ.







***ДЖАТЭ Элинэ*** Iэдииху щопсэу, 26-нэ школым фIы дыдзу щоджэ, 4-нэ классщ, къэфэну, усэ цIыкIухэр зэхилъхьэну фIэфIщ.









***МЫРЗЭ Алинэ*** Нарткъалэ 3-нэ школым фIы дыдэ щоджэ, 5-нэ классщ, щыгъэ жьгъей цIыкIухэм (бисер) хьэлэмэт гуэрхэр къыхищIыкIыну фIэфIщ.



# ЩIЭБЛЭ



***БОРЫКЪУЕЙ Ислъам*** илъэс 5-нэм итщ Нарткъала 2-нэ сабий садым и гъэсэнщ усэ цIыкIухэр фIэфIщ.

***ХЬЭТУ Пётр***

# Джэдуубзэ



«Нау» щІыжиІэр сощІэ КІущэ,
Ущытынуи хуейкъым Іущу…
ЩІыб удэтмэ, цІутІ жимыІэ,
Шхын гуэр пІыгъмэ, темыпыІэ,
Ину жеІэ: «Нау-нау-нау!
СомэжалІэ сэ куэд щІау!..»
СыщІыхьамэ сэ пщэфІапІэм,
ЕщІэ КІущэ – ар ди шхапІэщ,
ЛъэІуэн щІедзэ: «Нау-нау-нау!
СомэжалІэ сэ куэд щІау!..»
Ирикъуау емыплъмэ шхыным,
«Гъурнэ-гъурнэщ» – йоуэ пшынэ –
Зыкъысщехъуэ, къызоубзэ –
ФІэфІщ зэрысщІэр джэдуубзэ.

# Ландыщэ

Гуапэу къепсти дыгъэр,
Къэгъэгъащ накъыгъэм
ГуакІуэрымэу, дахэу,
Хужь-чэщейуэ, махэу,
И кІэ цІыкІур щхъуантІэу,
Езы цІыкІур лантІэу,
Слъагъур икъукІэ фІыщэу
Си нэху цІыкІу ландыщэр.
Ди тІуащІэ мэзым
КъыщыкІами щІэзу,
СфІощІри я псэр махэу,
Къэзмыщып сэ ахэр.
Я уэзджынэ зухэр
СфІощІ дежьууэ бзухэм…
Сэри си уэрэдыр
СфІэфІщ зэхахмэ куэдым.










# Зыри зимыIэм выжьитI иIэт...

Еуэрэ-уэрэт, жи. Зыри зимыIэм выжьитI иIэти, хьэмэшыпхэмкIэ кърихуэкIым-кърихуэкIыурэ, джалэри и нэм маскIибл къыщIипхъри плIанэпиблым дипхъащ. Къыщылъэтыжри:

– Уэ улъэщ-улъэщ, мыл? – жиIащ, жи.

– Сэ сылъэщмэ, дыгъэм сегъэври.

– Уэ улъэщ-улъэщ, дыгъэ?

– Сэ сылъэщмэ пшэм сыкъуелъафэри.

– Уэ улъэщ-улъэщ, пшэ?

– Сэ сылъэщмэ жьым сызэрехуэри.

– Уэ улъэщ-улъэщ, жьы?

– Сэ сылъэщмэ уэшх къысфIошхри.

– Уэ улъэщ-улъэщ, уэшх?

– Сэ сылъэщмэ щIым сырефри.

– Уэ улъэщ-улъэщ, щIы?

– Сэ сылъэщмэ удз къыстокIэри.

– Уэ улъэщ-улъэщ, удз?

– Сэ сылъэщмэ мэлхэм сашхри.

– Уэ улъэщ-улъэщ, мэл?

– Сэ сылъэщмэ пщыжь-уэркъыжьхэм сашхри.

– Уэ улъэщ-улъэщ, пщыжь-уэркъыжь?

– Сэ сылъэщмэ си къамышы Iэпэпс дзыгъуэм пешхыкIри.

– Уэ улъэщ-улъэщ, дзыгъуэ?

– Сэ сылъэщмэ наужьым сешхри.

– Уэ улъэщ-улъэщ, наужь?

– Нарым-нарым, ахьай сылъэщ! Сэ сымылъэщмэ, хэт лъэщ? Зэгъунэгъуиблым я шэ пэгуниблым сыкъыхофри, гуащэм и щхьэнтэ кIапэм «пыху» жезгъэIэу сожейри сытелъщ! – щыжиIэм, лIыр къыхуилъащ, жи:

– Хьэдрэтыпщ! ухъуи ар! Тыхъ! – жиIэри.

Наужьыр щтэри щхьэгъубжэмкIэ дэлъащ; щхьэгъубжэ лъабжьэм деж, дыгъэм зригъэууэ, зы хьэпшыр щылъти, ар щилъагъум, нэхъеижу щтэри дэшхуеижьым дэжеящ. Жэщ хъуху къемыхыжыфу тесащ, жи, «нэу, нэу» – жиIэу пщIэууэ. Жэщ хъури хьэпшырыр Iуахыжа наужьщ къыщехыжыфар.

*НАЛО Заур зэритхыжамкIэ*





*СЭРАЛЪП Заремэ*

# Мурат пцы упсын зэрыщигъэтар

*Рассказ*

Мурат цIыкIу и ныбжьэгъухэм куэдрэ пцы яхуиупсырт. Пэж жиIэми, зыми и фIэщ хъужыртэкъым.

Зы махуэ гуэрым адэ-анэм ар бгым здашат. Къызэрысыжу и гъунэгъу Хьэсет деж йожэкI, и макъ къызэрихькIэ кIийуэ:

– Хьэсет, Хьэсет, сэ нобэ зы блэшхуэ слъэгъуащи! – и макъым нэхъри зрегъэIэт. – И бгъуагъкIэ чеишхуэ хуэдиз хъууэ, и кIыхьагъкIэ ди уэрамым и кIыхьагъым нэблагъэу.

Хьэсет цIыкIур къыпогуфIыкIри:

– УмыкIий, кхъа, иджы, уи пцы шыпсэми къыщIомыдзэ. Сэ фIы дыдэу сощIэ, уэрам зи кIыхьагъ блэ зэрыщымыIэр.

– Хьэуэ, зо-о, пэж дыдэу кIыхьышхуэт ар. Уэрамым кIэщIэмыхьэми, уэрамдэкI хуэдизт.

– Уей, Мурат, уэ дапщэщми зэ хьэмцIыракIэшхуэ къыптекIэнумэ.

– Ар сыт щхьэкIэ?

– Пцы куэд зыупсым аращ къыщыщIыр.

Мурат зыкъомрэ и Iэмрэ и напэмрэ зэпилъэщIыхьащ. Зыри щимылъагъум, шынапэу къыпещэ:

– УэрамдэкI хуэдиз мыхъуми, мо жыгым хуэдиз хъунт, – жи.

– Жыгым хуэдиз и кIыхьагъ хъууи?

Мурат жиIам хущIогъуэжри:

– Хъунщ, пэжыр ныбжесIэнщ. Блэм и кIыхьагъыр ди лъэмыж цIыкIум хуэдизт зэрыхъур.

– Ари пэжкъым.

– Сыбгъэдащ, Хьэсет, иджыпсту пэж дыдэр ныбжесIэнщ. Блэм и кIыхьагъыр чеишхуэ хуэдизт зэрыхъур. Уи фIэщ хъуа иджы?

Iуэхум и пэжыпIэр Хьэсет къыщыгурыIуэм и ныбжьэгъум йоупщI:

– Мурат, блэм и бгъуагъкIи и кIыхьагъкIи чеишхуэ хуэдиз хъууэ аратэкъэ?





Абдежым Мурат плъыжь къохъури щым мэхъу. Хьэсети и упщlэм и жэуапри иретыж.

– Мурат, сэ пэжыр къэсщlащ. Уэ плъэгъуар блэтэкъым, атlэ чеишхуэт.

Абдежым Мурат и пцlыри къыщlэщащ.

Зыталайкlэ зыри жимыlэу, хэгупсысыхьауэ щытащ Мурат. Иужьым, Хьэсет зыхуегъазэ:

– Къызжеlэт, догуэ, нетlэ къызжепlар пэжт, хьэмэрэ угушыlа?

– Сытыр?

– Хьэмцlыракlэм теухуауэ.

– Пэжщ-тlэ, сыгушыlакъым. Модэ, мо къуажэкlэм щыпсэу Мажид хьэмцlыракlэ куэд зэрытетар пщlэжкъэ?

– Дауэ хъун? – имыщlэж нэпцl зещl Мурат.

– Уей, арамэ-тlэ, Мурат, узри къыпщыщlынур. Ауэ пцlы упсын щыбгъэтмэ, хьэмцlыракlэри техужынущ.

– Щызгъэтынщ, щызгъэтынщ, – гузэвэгъуэм Мурат жрегъэlэ.

А махуэми щыщlэдзауэ Мурат пцlы упсын щигъэтащ.



# Пушкин Александр, Нэгумэ Шорэ

Урыс усакIуэшхуэ Пушкин Александр Кавказым япэу къэкIуауэ щытащ 1820 гъэм и сентябрь мазэм. Ар дихьэхат Кавказ щIыналъэ дахащэм, бгыхэм дэгуэшауэ дэс къуажэ цIыкIухэм щыпсэу цIыху щхьэхуитхэм.

Пушкин А. С. «Кавказым и гъэр» поэмэм щытотхыхь Казбек, Iуащхьэмахуэ, Бещто бгыхэм. Поэмэм зи гугъу ищI Iуэхугъуэр щокIуэкI Тэрч псым и Iуфэхэм. Мы тхыгъэм къыщыгъэсэбэпащ шэрджэс Iуэрыуатэр. УсакIуэм мызэмытIэу жиIэжауэ щытащ и гум къыбгъэдэкIыу итха усэ сатырхэр зыхэт а поэмэ Кавказым теухуар езыми игу зэрырихьыжыр.

Пушкин А.С. и тхыгъэхэм куууэ хэзыщIыкI щIэныгъэлI Семенов Л. П. зэритхымкIэ, усакIуэшхуэм етIуанэу гъуэгу хуэхъуу Псыхуабэ щыхьэщIам, ар адыгэ щIэныгъэлI Нэгумэ Шорэ хуэзауэ щытащ.

Ди щIыпIэм илъэс куэдкIэ щыпсэуа художник Балицкий Иван а зэхуэзэныгъэр сурэту ищIауэ щытащ 1952 гъэм.

***КЪУЭДЗОКЪУЭ Фатимэ***

*Дэ къытхуатх*

# Адыгэбзэм и махуэшхуэ

«Нур» сабий журнал дахэр къызыIэрыхьэхэм садэугуэшэну сыхуейт Адыгэбзэм и махуэр Истамбыл зэрыщекIуэкIам теухуа сурэтхэмкIэ. ХамэщIхэм къыщыхъу адыгэ сабийхэми къаIэрыхьэну сфIэтэмэмт мы журнал екIур. Абы фIы куэд къишэнут. Хасэ щыIэ-









къым абыкIэ, адыгэбзэ щрагъэджыну и ужь имыту. ДэIэпыкъуэгъуу къэувын хуейр лъапсэрщ. «Нур» журналым лэжьыгъэшхуэ зэфIихыфынут.

Куэдыщэ щIакъым, Истамбыл, Мударей хасэм къызэригъэпэщу, Адыгэбзэм и махуэшхуэ зэрекIуэкIрэ. Мы сурэтхэм щыфлъагъу щIалэгъуалэ, сабий гупыр зэкIуалIэр а хасэращ, я тхьэмадэр Тхьэмокъуэ Джихьэтщ. Хасэм адыгэбзэ щрагъэдж, къагъафэ, адыгэ шхыныгъуэхэм щыгъуазэ щыхуащI.

*БАКЪ Зерэ,*
*филологие щIэныгъэхэм я доктор,*
*профессор*





# Сурэтыщӏ ныбжьыщӏэхэр









***НЭХУЩ Арианэ*** Бахъсэн 3-нэ школым фӏы дыдэу щоджэ, 3-нэ классщ, сурэт ищӏыну фӏэфӏщ.





***БЭЛАГЪЫ Ӏэминэ*** Къармэхьэблэ 3-нэ курыт школым хэт сабий садым и гъэсэнщ, нэмысыфӏэщ, адыгэ фащэр фӏыуэ елъагъу, усэ, хъуэхъу куэд гукӏэ ещӏэ, сурэт щӏыным дехьэх.







***ГУГЪУЭТ Мурат*** Къармэхьэблэ 3-нэ курыт школым хэт сабий садым и гъэсэнщ, сурэт щӏыным дехьэх.

ЖАНЩЭРХЪ

# Бэлахъуэ Елдар и гъэсэнхэр

Есэнтlыгу къалэм иджыблагъэ щекlуэкlа тхэквандомкlэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щlыналъэм и зэхьэзэхуэм Бэлахъуэ Елдар и гъэсакlуэ цlыкlухэм жыджэру зыкъыщагъэлъэгъуащ. Абыхэм ящыщу 9-м дыщэ медалхэр къыхуагъэфэщащ, дыжьыныр 3-м, жэзыр 2-м ялъысащ.

Зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щаубыдащ Кlуэкlуэ Инал, Щэрдан Алим, Мэремкъул Артур, Лобанов Максим, Сэхъурокъуэ Ратмир, Къалэжьокъуэ Азэмэт, Исаков Амиран, Шал Къазбэч, Пlаз Каринэ сымэ. Етlуанэ увыпlэр хуагъэфэщащ Дыкъ Алим, Къэбардокъуэ Елдар, Хьэтщыкъуэ Ислъам сымэ. Ещанэхъуащ Дыщэкl Астемыррэ Битокъу Къантемыррэ.

Цlыкlухэм къагъэлъэгъуа я зэфlэкlыр, дауи, зи фlыгъэр абыхэм я тренер тхэквандомкlэ спортым и мастер Бэлахъуэ Елдарщ. Ар гъэсакlуэ къудейкъым, атlэ икlи психолог lэзэщ. Елдар шыlэныгъэ хэлъу, и къарум емыблэжу дэтхэнэ сабийми и зэфlэкlым зэрихигъэхъуэным толажьэ – араш ехъулlэныгъэхэр къыщlыпэкlуэри.

***ЖЫЛАСЭ Заур***



*Сурэтым:* тренер щlалэщlэ Бэлахъуэ Елдар и гъэсэнхэм я ехъулlэныгъэхэм ирогушхуэ.

# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ

## «Унэ хадэ»

*Упщӏэхэр:* 1. Хадэр зыхъумэ лэжьакӏуэ. 2. Фом хуагъадэу хъэуан. 3. Хадэхэкӏ лӏэужьыгъуэ. 4. «Тхьэмпабгъуэ и къуэ лӏы хъурей» къуажэхъыр зэхьэлӏа хадэхэкӏ. 5. Гъавэр зыгрэхыжа щӏы ӏэнэщӏ. 6. «Капуста» урыс жыӏэкӏэр адыгэбзэкӏэ. 7. «Ӏуащхьэ цӏыкӏу мэбатэри бэтэмал къыщӏокӏ» къуажэхъым къигъэлъагъуэу куэдрэ унагъуэм къагъэсэбэп хадэхэкӏ. 8. Жыгхэр щаухъуэнщӏкӏэ зэрелэжь Ӏэмэпсымэ. 9. Пхъэгулъейм къыпыкӏэ пхъэщхьэмыщхьэ. 10. «Тхьэмпабгъуэ и къуэ нэ хъурей» къуажэхъыр зэхьэлӏа хадэхэкӏ, «мы» псалъапэр и къежьапӏэу.

*Жэуапхэр пэжмэ, къехыу фыкъеджэнщ «хадэхэкӏхэр» псалъэм.*







Зыгъэхьэзырар **ДЫКЪУЭ Бэчщ**





# ГЪЭМАХУЭНЭР САБИЙХЭР ХЪУМЭНЫМКIЭ ДУНЕЙПСО МАХУЭЩ



**НЭХУЩ Арианэ еджакIуэ пашэщ, Бахъсэн къалэ.**


НУР

*Ежемесячный литературно-художественный журнал для детей*

Издается
С 1 января 1982 года
№6 2015г.

Учредители:
Госком КБР по печати и массовым коммуникациям – издатель,
360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Общественная организация «Союз писателей КБР».

Главный редактор
Б.ГЕДГАФОВ

Редколлегия:
А.БИЦУЕВ
Х.КАРМОКОВ
Ф. МАЛАЕВА

Художественный редактор
Л.ПАРОЕВА

Свидетельство о регистрации № ПИ № ТУ07-00103 от 24 декабря 2014 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по КБР.

Подписано к печати
27.05.2015 г.
Выход в свет
30.06.2015 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага офсетная №1
Гарнитура ShoolBook, Arial Cyr

Печать офсетная
Усл.печ.л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 3000
В розницу – цена свободная
Заказ № 99
Индекс 73912

Адрес редакции:
360000,Нальчик,
ул. Горького, 6
42-75-30, 42-17-53

Отпечатано
ООО «Тетраграф»
г.Нальчик,
ул. Ленина,33